Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Yon lòt jou ankò, yon lòt fwa ankò Administrasyon Trump lan refize bay Nouyòk asistans federal esansyèl. Jis yon jou apre nou te fin denonse Prezidan Trump ak Sekretè Mullin paske yo kontinye kenbe 87 milyon dola nan finansman kont teworis, Administrasyon mwen an te resevwa enfòmasyon jodi a ke FEMA te ofisyèlman refize apèl nou an pou yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf apre gwo tanpèt nèj fevriye a ki te lakòz plis pase 168 milyon dola domaj epi ki te mete yon gwo fado finansye sou kominote yo atravè Vil Nouyòk, Long Island ak Mid-Hudson.

Tanpèt sa a te rive nan tout nivo FEMA te fikse pou asistans federal, epoutan Administrasyon Trump la kontinye jwe jwèt politik epi trayi tout Nouyòkè ki kwè ke gouvènman federal la pou pwoteje yo epi sipòte yo. Lè Prezidan Trump refize entèveni epi aksepte demann nou an, li di chak Nouyòkè ki te pase nan gwo tanpèt sa a, premye sekouris yo, ekip sèvis piblik yo ak anplwaye jesyon ijans yo ki te travay san pran souf pou kenbe kominote nou yo an sekirite, ke nou pa enpòtan pou li.

Men, ann klè, manm Repibliken Kongrè a atravè Nouyòk yo ap pèmèt neglijans sa a tou. Silans yo kontinye kenbe ak refi yo pou yo pran distans ak Prezidan an se yon trayizon dirèk anvè kominote yo te eli pou sèvi yo. Li lè pou manm kongrè sa yo egzije pou Prezidan an akòde deklarasyon katastwòf sa a epi bay chak dola èd yo dwe bay elektè yo.

Pandan Prezidan Trump kontinye ap vire do bay eta lakay li a, m ap toujou goumen pou chak Nouyòkè pou asire yo gen sipò yo merite nan men gouvènman yo a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.